

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince
Haïti BP 6110,
56, angle Rue Piquant et Lamarre
Tél. 2943 0079
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaiti.org.ht

Kominike pou laprès

Apre demand Ofis pwoteksyon sitwayen (OPC) te fè li nan dat 4 avril 2018, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè (CE-JILAP) te aksepte 30 avril, apre anpil refleksyon, pou li kondwi pwosesis ki pou abouti nan chwa 3 pèsonalite sektè dwa moun nan ap fè. Pwotektè a ap gen pou li chwazi youn nan pèsonalite sa yo pou ale syeje nan Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a (CSPJ), jan lwa 13 novam 2007 la prevwa sa (jounal Monitè, no 112, 20 desanm 2007).

CE-JILAP mete an plas yon Komite kòdinasyon pou li sa ranpli manda a. Pwosesis la ap mennen selon règ ki tabli nan yon gid ki devlope espesyalman pou sa. Gid la kapab konsilte sou sit entènèt CE-JILAP la : www.justicepaixhaiti.org.ht

Örganizasyon ki vle patisipe nan pwosesis la kapab enskri pou pi ta 26 me 2018. Kandidati pèsonalite yo ap resevwa jouk 29 me 2018. Enskripsyon ni òganizasyon, ni kandidat ak kandida ap fêt sou entènèt nan adrès sa a : candidaturesdhcspj@yahoo.com.

Pòtoprens, 21 mai 2018




Jocelyne COLAS NOEL
Directrice exécutive CE-JILAP